



Avètisman sou politik /Règleman yo

Tit Règleman an: Tarif Ranbousman Asistans Finansye pou Gadri Familyal Pou Ane Fiskal 2026 la

Nimewo Règleman an: CCFA-26-03

Dat li Pibliye: 4 Mas, 2026

Dat Li An Vigè: 1ye Jiyè, 2025

REZIME JENERAL

Gras ak Bidjè Sipleman Leta pou Ane Fiskal 2025 La (Fair Share Surplus Budget), yo te bay 20 milyon dola pou ogmante to/tarif ranbousman yo nan Ane Fiskal 2026 la pou founisè gadri ki nan zòn santral la ak sa gadri familyal yo, sa ki ap okipe timoun fanmi yo ap resevwa Asistans Finansye pou Gadri (CCFA) nan men leta. Komisyon Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) la apwouve yon plan ogmantasyon tarif/tarif an, sa ki enkli ladan l yon ajisteman pou kouvri depans lavi chè a pou tout tarif yo, ansanm ak lòt ajisteman espesifik ki vize sèten tarif selon rejyon ak gwoup laj, pou fè pwogrè sou inegalite ki genyen nan montan tarif yo, pandan y ap tou konsidere mache a (pri eskolaj yo).

EEC pral mete ajou tarif CCFA yo pou founisè gadri familyal yo nan dat 1er, Avril 2026. Tarif sa a ap fèt retwoaktif depi 1er Jiyè 2025, sa vle di y ap aplike l sou sèvis yo bay ki nan dat sa oswa apre dat 1ye Jiyè 2025. Founisè swen/gadri familyal la timoun yo ap resevwa yon pèman yon sèl fwa nan mwa Avril pou kouvri ogmantasyon tarif retwoaktif yo.

Tanpri note ke y ao jere fakti an pi vit ke posib. Nou apresye pasyans ou pandan EEC ap aplike ogmantasyon pri sa yo

APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout fanmi founisè swen/gadri familyal ki aksepte Asistans Finansye pou Swen/Gadri nan men Leta.

MIZAJOU ENPÒTAN YO

Mizajou enpòtan nan montan/tarif ranbousman gadri familyal EEC yo enkli:

- Yon ajisteman 0.5% pou kouvri depans lavi chè a sou tout tarif gadri familya.
- Lòt ogmantasyon nou sible nan tarif ki depase laj 2 zan nan rejyon Nòdès ak Metro Boston, kote tarif yo depase pri gadri an; epi
- Yon lòt ogmantasyon nan tarif Nòdès pou moun ki poko gen 2 zan pou rekonèt depans gadri yo konpare ak lòt rejyon yo.

RESOUS YO

Pou plis enfòmasyon, ou ka jwenn tablo tarif la la à [rate chart](#) oswa nan pati ki make kesyon yo poze pi souvan yo la à [here](#).

Si ou menm oswa anplwaye ou yo gen kesyon sou politik/règleman sa a oswa bezwen sipò anplis, tanpri kontakte eeccsubsidymanagement@mass.gov.

PA AJOU/ EKSPIRE

Tarif/to pou Ane fiskal 2026 la ranplase tarif/to ajans lan pou Ane fiskal 2025 la.